ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№103(21.511) ● 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 3, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Президентыр хэту

Кредитхэр нэхъыбэ щІыным топсэлъыхь

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен Москва кьалэм щыхъущ Урысейм и ХьэмапІэ банкым и унафэщІ Греф Герман.

Гуапэу, зэныбжьэгъуфэ хэльу екІуэкІа зэІущІэм кьыщаІэтащ республикэм кьыхъуатЫпщ кредитхэр нэхъыбэ щІыным, Къэбэрдей-Балкъэрым щагъэзащІэ инвестицІэ проектхэм УФ-м и ХьэмапІэ банкыр нэхъ жыдэкІэу кьыхьыхьэным япыщІа Іуэхухэм.

Петербург щыІэхыхьэ зэхуэсышхуэм макІуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и делегацИу Президент Кьанокъуэ Арсен зи пашэр хэтынущ мэкъуауэгъуэм и 4-6-хэм Санкт-Петербург щекІуэкІыну дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм. Абы кьэрал зыбжанэм я унафэщІхэр кьрихьэлІэну кьалъытэ.

МэкЪУАУЭГЪУЭМи 5-м «Дунейпсо экономикэ кризисыр: япэ дерхэмрэ кьэкІуэнур зыхуэдэмрэ» Іуэхутэхэм теухуа пленар зэІущІэм УФ-м и Президент Медведев Дмитрий кьыщыпсэлъэнущ. Урысейм и унафэщІыр дунейпсо корпорацІ нэхъ ин дыдэу зыбжанэм я Іэтащхьэхэм яІущІэнущ.

ЗэІущІэм нэхъ зэпкърыхаУ щытепсэлъыхьынущ щІыдагъэм и уасэм зэман кьэкІуэнум тещІыхьаУ зэрызихъужьыкІэ хьунум, социальнэ политикэр кризисым зыщиугбгъуа зэманым зэраубзыхуным, дуней псом щынагъуэншагъэ зэхуэсыщІэнщыныкмкІэ лэжьыпхъэхэм, Урысейм транспортым пыщІа гугъуехьхэр щыдэгъэкІынымкІэ Іэмалхэм.

Мы зэхуэсыщхуэм хэтын папщІэ кьэрал зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщу щІыху мини 2-м щІигъум зрагъэтхащ. Санкт-Петербург кьэкІуэну я мурадщ кьэрал унафэщІхэм, министрхэм, хьэрычэт Іуэхум пыщІахэм, щІэныгъэлІхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и делегацэм хэтщ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и кьуэдзэхэу Тхьэзэплъыж Мурат, Уэнаев Казым, республикэм экономикэ зыужьынигъэмрэ сатумкІэ и министр Мусуков Алий сымэ.

Зэхуэсыр кьыщыдзэІуах махуэм кьалэм и филармонием хьэщІэхэм папщІэ концерт щитынущ ди льэпкъэгъу Темыркъан Юрэ зи пашэ Санкт-Петербург академическэ симфоние оркестым. Абы Брамс, Чайковскэм я музыкэр игъэзэщІэнущ. Оркестым щІыгъуу утыкум ыкІэхэнущ Японием щыщ шыкІэпшынаэу щІрыІуэ Суванаи Акикэ. А пщыхьащхьэ дыдэм Маринскэ театрым щагъэльэгъуэнущ Темыркъаным игъэуза «Евгений Онегин» оперэр.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ.

ЛъэІухэм хоплъэ

Тезырыр хуэгъэгъуным ехьэлІа Іуэхухэмкі Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым деж щыІэ комиссэм, зэхъуэкІыныгъэхэр игъуэта нэужь, зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Иджы абы хэтщ кьэрал властым и органэхэм, цІыхубэ зэгухьэныгъэхэм, дин зэмплІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр, щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ, узыншагъэр хьэмэныкІэ Іуэхущапхэхэм я унафэщІхэр, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэр, юристхэр.

КОМИССЭМ хэтхэм фІыщІэ хуащІащ нобэр кьыздэсым гурэ псэкІэ абы и унафэщІ кьалэнхэр зезыхьа Думэн Хьэсэн. Иджы комиссэм и унафэщІ Къэбэрдей-Балъкъэрым ШэнхабзэмкІэ и фондым и тхьэмадэ Вэрокуэ Владимир.

ЗэІущІэм щыхэпльащ щІэпхъаджагъэ хьэльэ дыдэ зылэжьауэ тезырыр тутнакъэщым щызыпшынхэм я лъэІуитІым. Іуэхур нэхъ тэмэму зэхэтэхэ хьун папщІэ, комиссэм хэтхэр нэхъапэІуэкІэ хуэзат лъэІур кьэзытахэми, ахэр здэщыІэ Іуэхущапхэм и унафэщІхэми. ЛъэІум щыхэпльэм, комиссэм кьыльытащ ялэжьа щІэпхъаджагъэм и хэльагъри, тралуха тезырым щыщу япшынар зыхуэдизри, кьэлъаІуэхэм я узыншагъэр зыхуэдэри, абы кьыщыхутэн ипэкІэ яІа дуней тетыкІэри, тутнакъэщым и унафэщІхэм я Іуэху еплыкІэри, нэгъуэщІхэри.

Урысей Федерацэм апхуэдэ лъэІухэм хэпльэнымкІэ щыІэ гъэпсыкІэм ипкІ иткІэ, комиссэм кьищта унафэри, абы щыІэуауэ щытын хуей щыхьэт тхьилъ псори Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым Іэрагъэхьащ.

ХЬЭЩХЪУЭЖЬ Давид,
КъБР-м и Президентым и Админнистрацэм тезыр зытралъхьаэм яхуэгъэзъунымкІэ и къудамэм и унафэщІ.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Хьэрычэтыщ Іэхэм зыщІагъакъуэ

Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэІущІэр иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар.

Правительствэм хухаха зэманым хиубыдэу депутатхэр хэпльащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инвестицІэ лэжьыгъэр кьиІэзыщІыгъэ зэпэщащ. Абы теухуауэ доклад ищІащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр Мусуков Алий. Абы зэрыжиІэмкІэ, инвестицІэхэр кьиІэзыгъэІуэн икІи ахэр экономикэм и Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм кьыщыгъэссёбэпьи мурадкІэ республикэм и унафэщІхэм иужьрей ильэс зыбжанэм мы Іуэхум гулыІэ хэлъ хуащІ. Бизнесымрэ кьэралымрэ зэдэлэжьэнымкІэ лъабжьэ дыдэ зыгъэтІылъ закон актхэр кьащтащ.

Инвесторхэр кьэралым зэрыдгІыпІэ щІыкІэм и гугъу щищІым, министрым, кьыхъэгъэщхьэгъуэр кьиІащ республикэм и экономикэм ахъшэ кьыхэзылъхьэну зи мурадхэр дэзыхьэхьи хабзэхэр зыгъэбелджылы закон зыбжанэ КъБР-м и Парламентым кьиІэзыщІагъ. Псалъэм папщІэ, инвестицІэ проект пэрытхэр зыгъэзащІэ инвесторхэм субвенцэхэр хухах. Абыхэм апхуэдэу налогхэм, кредитхэм я лъэныкъуэкІэ худачых.

Республикэм и экономикэм зегъэужьыным и лъэныкъуэкІэ Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм ящыщу хьэрычэт Іуэху мыинымрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ зэрыщытыр кьалъытэри, абы кІэм гулыІэ хэлъ хуащІ. Республикэм мы зэманым щагъэзащІэ «2007-2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хьэрычэт Іуэху мыинымрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ зыщегъэужьыныр, абыхэм ящыщ зэдэлэпыкъуныр» программэ хэхар. Хьэрычэт Іэнатіэм пэрытхэм кьэралым ярит дэлэпыкъуныгъэхэм ящыщу банкхэм я кредитхэмрэ лизингымкІэ зэгурыІуэныгъэхэмрэ япкъ иткІэ щІыхьэм процентКІэ щхьэщатыкІ ахьшэм, гъэльэгъуэныгъэхэм щыхьэтым и деж бэджэнду кьащтэ псэуальэхэм щІат бэджэнд уасэм, фІагъым и дуейпсо мардэхэм я сертификатхэр кьыІэзыІахьым трагъэкІуэдэм щыщ Іыхьэ зэрыхуащІыныкыр. Абыхэм кьадэдгуэ, «Республикэм и экономикэм папщІэ кадрхэр гъэхьэзырынымкІэ КъБР-м и Президентым и программэмэ хиубыдэу хьэрычэт лэжьакІуэхэр дунейпсо бизнесшкол нэхъыфІхэм щрагъаджэ, кризисым пэщІэтыфым унафэщІхэмрэ хьэрычэт Іэнатіэм папщІэ лэжьакІуэхэмрэ ягъэхьэзыр. Хьэрычэт лэжьакІуэ ныбжьыщІэхэм я бизнес-мурад нэхъыфІхэм папщІэ грантхэр хухах.

Мусуков Алий депутатхэр щыгъуазэ ищІащ мы гъэм щэсыпІэ фонд кьиІэзрагъэпэщыну зэрамурадым. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Инвестицэхэмкі советрэ Хьэрычэт Іуэхухэмкі советрэ кьыщыІэрагъэпэщащ. Ахэр проект нэхъыфІхэм хопльэри, кьэралым и дІэпкъыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыхуэфащэхэр кьыхъуэ.

- Къэбгъэльагъуэмэ, 2008 гъэмрэ 2009 гъэм и ятІэ кьаралымрэ инвестицІэ проект иниу, инвестицІэ проект курытиу 32-рэ ягъэззащІащ икІи абыхэм псори зэхэту сом меларди 5,5-рэ трагъэкІуэдащ, - жиІащ Мусуков Алий. - Апхуэдэ проектхэм ящыщу кІхъуэ щагъэхьу, хадзэжьКІэр щагъэнэ комплексэр, иджырей технологиехэр кьагъэсэбэпхэр зэрахьэ жыг хадзэр, Іуащхьэмахуэр дэкІ кІапсэ гъуэгум и етІуанэ Іыхьэр, нэгъуэщІхэри.

Гулыпэ хэхэ хуащІ КъБР-м и курорт-рекреацІэ комплексым зегъэужьыным хуэунэтІа проектхэм.

КъБР-м и унафэщІхэмрэ Іэщагъэлъэпкъэмрэ зыхэт делегацэхэр дунейпсо гъэлэпэуэныгъэ, жармыкІэ куэдым макІуэ икІи республикэм инвестицІэ проектэр щыгъэзэщІэным теухуа бизнес-планэр пэрытхэр хэІущІыу щащІ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Дыгъуасэ

«Кабардинка»-р Санкт-Петербург къыщофэ

Санкт-Петербург кьалэм дэт «Выборгский» Щэнхабзэмкі Іэ уардэуным мэкъуауэгъуэм и 2-м щекІуэкІащ дунейпсо, урысейпсо щэнхабзэ фестивалхэм я лауреат, Иорданием и Хьэшмит пащтыхыгъуэм и дамыгъэ лІыпІэр щэнейра зыхуагъэфэща «Кабардинка» академическэ къэрал къэфакІуэ гупым и концерт.

ПІЩЫХЬЫР теухуат къэфакІуэ гупыр къызэрыунэхэрэ илъэс 75-рэ зэрырикъуам. Концертым епльыну къраГъэблэгъэ ахэм яхэтащ Санкт-Петербург щыпсэу ди льэпкъэгъуэхэр, США-м, Канадэм, Японием, Кореем я лІыкІуэхэу Урысейм щылажьэхэр, ищхьэрэ къалащхьэм щыпсэуэхэр.

Сыхьэтитім щІигъуКІэ екІуэкІа концертым щагъэхьазырыгъуэ «Кабардинка»-р цІэрыІуэ зыщІа тепльэгъуэ гукъинэжхэри нэхъ иужьыІуэкІэ ягъэува макъамэхореографие композицІэхэри. Апхуэдэу, щыхьым хэтащ КъБР-м, КъШР-м щІыхь зиІэ я артистхэу Шэрджэс Іэсиятрэ Ташло Алийрэ.

Концертыр къызэригъэпэщащ Санкт-Петербург щыІэ «Меридиан» продюсер центрым и Іуэхуэхьэхэм ящыщ Хьупэ Мурат.

ХЬЭГУАРЭ Джамилэ.



Тыркум концерт щат

АБХЪАЗ. *Льэпкъ къафэмкІэ «Кавказ» къэрал ансамблым Тыркум тхьэмахуэ ІтІкІэ концерт щитынущ. Ар къызэригъэпэщащ Истамбыл щыІэ Абхъазым и ныбжьыгъуэм я ночтетым.*

«КАВКАЗЫМ» и унафэщІ Тарбэ Кандид зэрыжиІамкІэ, концертхэр Тыркум и кьалипщым, Анкарэ, Истамбыл, Болу, Эскишехир, Измит, Дюзджэ, Кьайсэр хэту, щатынущ. Ятіэ концертыр накьыгъэм и 28-м Урысей Федерацэм и хэщІапІэу Анкарэ кьалэ дэтым щекІуэкІащ.

Абхъазыр кьэралыгъуэ щхьэхуэу УФ-м кьызэрилъытэрэ - «Кавказыр» иджы етІуанэ Тыркум макІуэ. Абы и пэ кьыхуэу Урысей Федерацэм и кьалэ 20-м зыкьыщигъэльэгъуащ.

Сабий мин 25-м поплъэ

АДЫГЕЙ. *Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр кьызэгъэпэщыным республикэм сом мелуан 90 щытрагъэкІуэдэнущ. Абы щыщу щІыпІэ бюджетым кьыхэхьыну мелуан 25-р хуэмышІауэ псом гъэмахуэм кьыщыхъуэхэм хухахынущ.*

РЕСПУБЛИКЭМ лэжьыгъэмрэ социальнэ зэпэщытыгъэмкІэ и министр Широковэ Наталье зэрыжиІамкІэ, сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ зэманыр гъэщІэгъуэну, гукъинэжкІэ щытынущ. Псалъэм папщІэ, цыкІуэхэр кьуршхэм, тенджызым яшэнущ. Абыхэм зыщагъэпсэхунущ республикэм и санаторэхэм, пансионатхэм. Министерствэм и путевкэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэм и санаторэхэм сабий 400-м нэблагъэ ягъэкІуэнущ. Псори зэхэту гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм сабий мин 25-м нэблагъэ кьызэщІрагъэубыдэнущ.

Жылагъуэ зэхуэсхэм

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и прокуратурэм и дзэжьІуэхэм щыналъэм и кьалэ, жылагъуэхэм зэхуэс 35-рэ щрагъэкІуэкІащ.*

АБЫХЭМ цыхухэр щагъэгъуэзащ щІэпхъаджагъэм пэщІэтынымкІэ, ар кьэмыгъэхъунымкІэ, цыхухэм я конституцэ хунтынымкІэ екІуэкІ зэжьыгъэхэм. Апхуэдэуи ахэр зыгъэпІейтейхэр зрагъэщІащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙОлег.

● Псапэ

Узыншагъэр хьэмэныкІэ министр Бицу Вадим кьопсалъэ.

«Тельыджэхэр ди фІэщ мэхъу»

Апхуэдэу зыфІаща псапащІэ концерт мэкъуауэгъуэм и 1-м, Сабийхэр хьэмэным и дуненпсо махуэм, Надыжь и Театр щхьэантІэм щекІуэкІащ. Абы кьыщыхаха мылькур хуаутІыпщынущ льыхь (онкологие) узыфэ зыщкърыт щыІуэхэм защІэкъэхьэным.

ПСАПАЩІЭ Іуэхур ирагъэкІуэкІащ «Импреза» арт-агентствэмрэ «Россия Юг Медиа» компаниемрэ я жэрдэмкІэ. Абыхэм щІэгъэкъуэн яхуэхъуащ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен, КъБР-м и Парламентыр, «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым ди республикэм щиІэ кьудамэр.

А махуэм щІыхуэм яхунэхъэзыра тельыджэхэм ящыщт дуней щытыкІэм зыззэрызэблихъури. Пщэдджыжьым дыгъэм и бзийхэмкІэ щІыхуэхэм едэхащІэу махуэр щІидзащ, шэджагъуэ нэужьхэм деж уафэм зыкьызэщІищІэри, зэуэ уэгбанэщхуэ хъуащ, нужькІэ дунейм зиукъэбзыжащ. Пщыхьащхьэм «къеплъэкІыжа» дыгъэм псапащІэ концертым кІуэнухэр Іуэхум тригъэгущхуэрэ, езым и хуабагъэм щыщ кьаздзрыритым ещхьу, цІыхухэр кьыхуриджэ хуэдэт я гуапагъэмкІэ сабий сымаджэхэм ядэгуэшэну.

ЦІыхухэр хуэм-хуэмурэ кьызэхуэсырт. Абыхэм яхэтт КъБР-м и Правительствэм, Парламентым я лІыкІуэхэр, «Спартак-Налшык» хэтхэр. Утыку ихьэпІэм деж абджым кьыхэщІыкІа ашьк щытт. ЦІыхухэр абы бгъэдыхьэурэ щхьэж хуэзфІэкІым хуэдиз ахъшэ ящадзэрт. КъБР-м и Президентым и чэнджэщагъу Уянаевэ Аминат псом япэ ашыкым бгъэдыхьэри, ахъшэ ирилъхьащ.

Концертыр езыгъэкІуэкІа «Хьэтхэр» ансамблым хэт Бэч Азэмэтрэ «Импреза» арт-агентствэм и унафэщІ Третьяк Татьянэрэ япэу утыкур хуит хуащІащ «Нал цыкІу» сабий къэфакІуэ ансамблым. Адэкіэ сыхьэтищым нэблагъэкІэ екІуэкІа псапащІэ концертыр нэгуэшыжь икІи щІэщыгъуэ ящІащ ди республикэм и артист цІэрыІуэхэу Сокъур Ольгэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Іэрэмысэ Азрэт, Даур Даниті, Теппеев Алим, Йирэ, Ракитинэ Иринэ, Третьяк Татьянэ, Шал Хьусен сымэ, «Амиис», «Каллисто» гупхэм, КъБР-м и «Эльбрус-Экспресс» КВН команд.

- Іуэхуфым цІыхухэр зэкъуегъэувэ, - жиІащ КъБР-м узыншагъэр хьэмэныкІэ и министр Бицу Вадим. - Дэтхэнэ зы цІыхуми псапэ илэжьыфу щытын хуейщ. ФІыщІэшхуэ яхуэфащэщ нобэрей Іуэхур къэзыхьэжьахэм. Лыих узыфэр зыпкъырт сабийхэм еІэзэныкмкІэ медицинэм и лэжьакІуэхэм Іэмал псори кьагъэсэбэп, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар мащІэщ. Мис мыпхуэдэу дызэхъуэвэрэ ди кьару псори абыхэм дазэрыдзЭпльыкІуным хуэдгъэпсэф, нэхъ сэбэп дахуэхъунущ. ПсапащІэ Іуэхум кьыхъуэ ахъшэмкІэ дэ иджы Іэмал дІэнущ ахэр зыхуэныкъуэ щІэхъуэхэр, ты кьэтщхуну.

А сабийхэр бгъэгуфІэныр сыт и уасэ?!

Пшыхьым кьрихьэлІахэр ирагъэпэщащ республикэм и артист щІэрыІуэхэу Хьыжьырокъуэ СультІан, Текуев Амур, Іэрэмысэ Азрэт, Третьяк Татьянэ, Ракитинэ Иринэ сымэ сабий сымаджэхэм папщІэ ты зэратар кьыщыгъэпэтъгъуэжа фильм ящІащ.

- Мы сабийхэм сытым дежи дадэмыІэпыкъуфынкІи хъунщ, кьытхэту кьыщІэкІынщ абыхэм мытыку гуэр яхуэхэмыхьфынуэрин, - жиІащ Ракитинэ Иринэ. - Ауэ дэтхэнэ цыху баигьми, езыр узынщэмэ, зэ нэхъ мыхьыми абыхэм папщІэ ты тхуэтын хуейщ.

Псапэ зыпэжьхэр щымащІэжьым ди республикэм. Абыхэм ятеуухуат кьыкІэлъыкІуэ теплъэгъуэр. А фильмым и «Лыхъужь» нэхъыщхьэр республикэм щхьэгъубжэ щызыщІ заводхэм ящыщ зыт. Теплъэгъуэ кІэщІым кьыщыгъэтъгъэжат заводым и лэжьакІуэхэм Республикэ сабий сымаджэщым гематологиемрэ онкологиемкІэ и къудамэм и щхьэгъубжэхэр зэрызэрахъуэкІар, щІыхуэхэм апхуэдэу щІэхъщІэхъуэрэ зыкъыззэрыщІагъакъуэм и гугъу ищІу кьэпсэлъащ а отделенэм и унафэщІ Щомахуэ Анзор, адэ-анэхэм жаІащ я бынхэм щхьэкІэ я псэм тельгуэвэгъуэр кьадэзыгъэпсынщІану хэт псоми фІыщІэ зэрыхуащІыр.

А пщыхьащхьэм псапэ зыщІэну хуейхэр машІэтэкъым. Кьыхэкіа ахъшэр сабий сымаджэ зыщІэс унагъуэхэм Ірагъэхъэнущ. Абы щыщ Іыхьэ гуэр республикэ сабий сымаджэщым гематологиемрэ онкологиемкІэ и къудамэм иратынущ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Іанэ.



Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Къэхъуар жаІэркъым

Мысырым и тутнакъэщхэм иджыри щаІыгъщ Урысейм икІаУ абы и дин еджапІэ нэхъыщхьэм щІэс щІыху 25-рэ. Урысей Федерацэм и дипломатхэр нужь итщ ахэр щІадыдыгъ и щхьэусыгъуэр эхъагъэкІыну.

Мысырым и хабзэхъуэм органхэм кьызэратымкІэ, мы гъэм накьыгъэм и 29-м яубыдауэ щыта щІыху 34-м щыщу, я нэхъ машІэрауэ 13-р кьэралым сымаджэхэр щыкуэдыр США-рац, Мексикэм абы нэхъыбэ щиІыкІ пэтми. ВОЗ-м и унафэщІхэм хуагъэфащэ мы гриппыр дунейм тет щІыхуэхэм я Іыхьэ щанэм япкърыхьэнкІэ щынагъуэ щыІэу.

ПщІэнэщэ налкъутналмэс

Налкъутналмэс щІэнэщэ кьеЛызыхьну хуей щІыхуэ мин бжыгъэхэр блыщхьэм щызэхуэсат Токио и Гиндзе затущІапІэ уэрам нэхъ тІорыс» дыдэм.

Бжыгъэхэр зэщхьэщокІ

Узыншагъэр хьэмэныкІэ дунейпсо организацэм (ВОЗ) кьызэритымкІэ, А/H1N1 грипп Іэужьыгъэмкі сымаджэу дунейм тетым я бжыгъэр щІыху 17410-м нэсащ.

Ахэр щопсэу кьэрал 62-м. Сымаджэхэм ящыщу щІыхуи 115-рэ дунейм ехыжащ.

А бжыгъэхэр ВОЗ-м кьыщыгъэльэгъуар блыщхьэращ. Ахэр кьыщхьэщокІ мэремым кьатауэ щытам: сымаджэхэр щІыху 15510-рэ мэхъу, ахэр щопсэу кьэрал 53-м. Дунейм ехыжахэми я бжыгъэр 99-уэ кьагъэльэгъуат. А узыфэм зыгъэпсэхугъуэ махуитІ кьудейм апхуэдэу зиубгъуащ.

Псом хуэмыдэу а гриппІэужьыгъэмкІэ сымаджэхэр щыкуэдыр США-рац, Мексикэм абы нэхъыбэ щиІыкІ пэтми. ВОЗ-м и унафэщІхэм хуагъэфащэ мы гриппыр дунейм тет щІыхуэхэм я Іыхьэ щанэм япкърыхьэнкІэ щынагъуэ щыІэу.

Налкъутналмэс щІэнэщэ кьеЛызыхьну хуей щІыхуэ мин бжыгъэхэр блыщхьэм щызэхуэсат Токио и Гиндзе затущІапІэ уэрам нэхъ тІорыс» дыдэм.

Абы мазаем дыщэхэІ тыкуэн кьыщызэІуихат Франджым и «Moboussin» фирмэм. ЦІыхуэхэр кьыдихьэхыу кьэрпшэлІэн мурадкІэ, карат 0,1 ия щІыхьэхэр

Хьэрычэтыщ1эхэм зыщ1агъакъуэ

(К1эухыр. Пэщ1дзэзг 1-нэ нап.).

Доклад зыщ1ам кы1хигъэщхьэхук1ащ цы1ху щх1эхуэхэмрэ къэралымрэ я зэф1эк1хэр зэкъуэгъэувэным ик1и абы1эм я хьэкък1э нэхъ мы1ахэнэшхуэ зи1э Іуэхуэхэр дзгъэжьынымрэ теуХуэ лэжьыгъэр зэрыщ1эхуабжьэр. Проект щхьэхуэхэр Гъэзэщ1эным текІуэдэну ахьшэр Урысей Федерацэм и Инвестицэ фондым щы1ыхуэу кы1ах1ын пащ1э, республикэм и л1ы1ыхуэхэр УФ-м Щ1ынальхэм зегъэ ужьы-ныжьк1э и министерствэм зэпымыууэ що1ажьэ.

Доклад зыщ1ам зэрыжиг1ак1э инвестицэхэм я ль эныкъуэк1э ек1уэж1 лэжьыгъэ псори интернет-порталым къыщаг1эльагъуэ ик1и абы1эм дэтхэнэ зы ц1ыхуми щыг1уаэзэ зищ1ыфынущ.

- Дуней псом финанс Іуэхуэхэр зэрыщ1эзы1ам кы1эхы1ыу иджы1ыпсту нэхъ мы-щхьэхуэхэ зи1эр ящ1ыфынымк1э экономкэмрэ инвестицэ Іуэхуэхэмрэ дэ1ыгъынырыщ, - жи1ащ адэк1э Мусуков Алий. - Абы и лъэныкъуэк1э республикэм л1ажьыгъэшхуэ щок1уэж1. Министерствэр хэхаэу к1э1ольпэ инвестицэ проектхэр нэхъ ин дыдэхэр зэрагъэзащ1э щы1эн.

Министрым и псалъэм адэк1э кы1ыпищащ «КъБР-м Инвестицэхэмрэ зы1ужьыныгъэмк1э и агентство» ОАО-м и генералъно директор **Махуэ Тимур.** Абы кы1ихигъэщхьэхук1ащ е1ыр эи унафэщ1 Іуэхущ1ап1эм иригъэк1уэн инвестицэ л1ажьыгъэр зы1ухуэнэт1ар. Апхуэдэ уиэт1ыныгъэ н1эхьащ1ыхьэхэм я щ1ыщ1ыщ1 хьэрыч1эт Іуэху мыинымк1э зыщ1эгъэжьэныр, КъБР-м и Президентым и деж Инвестицэхэмк1э щ1э1э советым и з1эщ1эм зы1ыщ1эн1э проектэр гъэзэщ1эным хэ1ыжьыр, ахэр гъэзэщ1эным хэтыныр, Директорхэм я советым щы1ыгъ проектэр гъэзэщ1эным хэ1ыжьыжьы1ыныр.

Я1пэ уиэт1ныгъэм и гугъу щищым Махуэ Тимур зэрыжи1амк1э, хьэрыч1т Іэнат1эм зрагъэубгъуну е Іэнат1эщ1эхэр кы1эзэрагъэпэщыну зи мурад щы1эхэм я щ1ыщ1у ахьшэ кы1ах1ыну къэльа1уэхэм я Іуэхум хопльэ. Мы1дкеи гугъуэхь ихьышцхэр хьэрыч1т Іэнат1эм пэрытхэм ахьшэ кьаэзремэщ1эк1ырщ.

- Апхуэдэ хьэрыч1этщ1эхэм я мурад нэхъ щ1ыщ1эр щ1ыхуэ к1ащ1энырщ, ар зэрапшы1ныжьну щы1к1эм я нэхъыбэр егупсыс-кхым, - жи1ащ Махуэ Тимур. - Дауэ мы1ухуми, апхуэдэ проектхэм трагъэк1уэдэну ахьшэр я1ухэхьанымк1э щы1э Іэмал1эм, Іэнат1эм и финанс-хозяйстэ Іуэхуэхэм хопльэрин, «КъБР-м Инвестицэхэмрэ зы1ужьыныгъэмк1э и агентство» ОАО-м зы1ухуэфащ1э унафэхэр к1ещтэ. Іуэху пы1ухы1ам трагъэк1уэдэну щы1ухуэр эратынум пащ1э эохалъхьэ Іэнат1эм к1ыщал1эжь ф1ейдэр н1эхьыбэ щы1ыжьмк1э чэнджэщхэр.

Махуэ Тимур депутатхэр щыгъуаэзэ ищ1ащ «КъБР-м Инвестицэхэмрэ зы1ужьыныгъэмк1э и агентство» ОАО-м к1ы1эрыхьа проектхэм я экспертизэр экономистхэмрэ юристхэмрэ зэрыгъэзэк1уэк1ым. Бизнес-проектхэр зы-гъэсауэ яджа нэужь, ахэр зыгъэзэщ1энуэхэм зы1ухэфащ1э унэгъэ ират к1ыщ1агъэщ1а ныкъусаныгъэхэр гъэзэк1уэжьынымрэ теуХуэуэ.

Доклад зыщ1ам кы1хигъэщхьэхук1ащ 2009 гъэм Іуэхущ1ап1эм кы1ыпхьа проектхэм ящ1ыщу эмкъуэмщ1 Іэнат1эмрэ хуэунэгъэмрэ я1ыщ1ам1э Іэнат1эмрэ хуэунэгъэмрэ нэхъ уэзышхуэ1ыныгъэ кы1эзэрэльытар. Апхуэдэ проекту КъБР-м и къалэ, район зэмы1ам1эжьы1уэхэм я крагъэхауэ 9 к1ыхахащ. Ахэр гъэзэщ1энымк1э Іэмал к1ытынуц1 лэжьап1э Іэнат1эу 1689-рэ к1ы1эуэхыну ик1и абы1эм к1ап1ы1ыу ильэсфеныш ику ито бюджетым сом мелуан 650-рэ Іэрыхьэнуц. Проектхэр сэбэп хьунущ, мэкъуэмэш хозяйствэмрэ уэхуэныгъэмрэ я Іэнат1эхэм к1ыпхах ф1ейдэм хэгъэхьэ1эныжьк1э.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чечеков Ануар щ1эущ1ащ1 У Ф-м и аф1ей о1убыкт хэм хозяйствэ щы1эезыхьэ Іэнат1эхэмрэ цы1ху щхьэхуэхэмрэ я къэралыр зэрадзэлэп1ыну адрей Іэмал1эр зы1ухуэзм, абы1эм я лэжьэк1эр ди деж к1ыщыг1эсэбэпыныжьк1э щы1э хэкы1п1эхэм.

- Щэч хэмы1ну, дэ апхуэдэ лэжьыгъэ идогъэк1уэк1 ик1и адрей субъектхэм зэкъуэгъэп Іэмал нэхъыбэк1э щы1ыгъэжьуэн зэрыщ1ытщы1ным дыдэщ1окъу, - жэуап кы1таш Мусуков Алий.

Адэк1э министрым к1ыщ1игъуащ инвесторхэр къыдэхъы1ныжьк1э Урысейм и щы1ныльхэм щы1э щытык1эм зэрыхэпльам ипкъ ит1ыр «РА Эксперт» агентствэм и1эхьэзыра рейтинг спискэм Къабардей-Балъкъэрым еянэ увыпл1эр зэрыщ1ы1ыгъыр. Нэгъуэщ1ыжп1эмэ, блэк1а ильэсхэм е1ыпытауэ ди деж Іуэхуэр щеф1эк1уащ. Арк1уадем к1ыщ1ынэрк-кым - хьэрыч1т Іуэхум Къабардей-Балъкъэрым щ1эгъэкъуэн нэхъ лъэш щегъуэт адрей субъектхэм е1ыпытауэ.

Доклад зыщ1ам апхуэдэу жэуапхэр ират-таш вице-спикер **Бозий Натбий**, Экономикэ-политикэмк1э, мы1ькумрэ хьэрыч1эт Іуэхуэмк1э комитетым и унафэщ1 **Марьяш Ирин э,** Промышленностымк1э, гъуэгу хозяйствэмк1э, транспортымрэ связымк1э комитетым и унафэщ1 **Мэремыкъуэ Сэфарбий** сымэ зыщ1эупщ1ахэм.

Зыхуэфащ1э унафэр кы1ащ1агъэм Президиумым хэтхэм къагъэлъэгъуащ щы1ныльэ инвестицэ политикэм и хабзэхэм тетыным теухуауэ КъБР-м Экономикэ зы1ужьыныгъэмрэ сатумк1э и министерствэм л1ажьыгъэ тэмэм зэрыригъэк1уэк1ыр. Апхуэдэу КъБР-м и Правительствэм чэнджэщ ираташ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм инвестицэхэр кы1ухуэзщ1ап1эуэным дяпэк1и зы1ухуэфащ1э г1ульитэ хуищ1ыну, инвестицэхэр республикэм и приоритетхэмрэ яку дэ1э эзэпщ1эныгъэхэр игъэбыдэну, инвестицэ л1ажьыгъэр зытещ1ы1ыба закон л1ьабжьэ, к1ы1эзгъэпэщ1ныгъэ, инфраструктурэ, информацэ Іуэхуэхэр егъэф1эк1уэным дяпэк1и пищ1ну, хуей щы1ы1ым и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щек1уэж1 инвестицэ политикэр яг1эт эм эмы1ыжьн пащ1э инвестицэ л1ажьыгъэхэр зэрек1уэжьыным з1эпымыуэ з к1э1ольпльыну.

Апхуэдэу республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ я администрацэхэм я Іэтащ1ахэм чэнджэщ ираташ нэхъ фейдэ кы1ы1эпы1ыну инвестицэ проектхэр кы1ухэзы1ыну центрхэр къы1эрагъэпэщ1ыну, апхуэдэ проектхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Инвестицэхэмк1э щы1э советыр хэпльэн пащ1э яг1эхьэзырыну.

Адэк1э парламентархэр хэпльащ1 а махуэм тепсэлыхьыан пащ1э яг1эбелджылэ Іуэхуэхэм.

Бюджетымк1э, налогхэмрэ финансхэмк1э комитетым и унафэщ1 Ахъуэжьы Къанщокий з1эущ1эм кы1щы1ихьыащ «2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым теухуауэ» КъБР-м и Законыр Іуэзэщ1а зэрыхьуам и Іуэхуэк1э КъБР-м и законым и проектыр. А документ ыр депутатхэр елэжьын пащ1э хуагъэхьащ, апхуэдэу законопроектым КъБР-м и Парламентым и комитетхэр зэрыхэпльэну графикыр къащтащ.

Аграрнэ политикэмрэ щы1ы Іуэхуэхэмк1э комитетым и унафэщ1 **Лы1ухьгу Хьэжмурид,** Законодательствэмрэ къэралыгъэмк1э комитетым и унафэщ1**Іэпщ1 Заур,** Экономикэ политикэмк1э, мы1ькумрэ хьэрыч1эт Іуэхуэмк1э комитетым и унафэщ1 **Марьяш Ирин**эсымэ кы1ухьлъхьэри, депутатхэр зэпльащ1 законхэр кы1ыдэтъэк1ы1ымк1э жэрдэмУрысей Федерацэм и адрей субъектхэм я парламентархэм къагъэхьаэм ик1и ахэр я нэхъыбап1э к1э дая1ыщ.

Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэу1унымк1э, регламентымрэ депутат щэнхабзэмк1э комитетым и унафэщ1 **Шэрэдэн Заирэт** ик1ыпхьащ1эм ещ1ыгъуэ1ыну. Бизнес-проектхэр зэгъэсауэ яджа нэужь, ахэр зыгъэзэщ1энуэхэм зы1ухэфащ1э унафэхэр ират к1ыщ1агъэщ1а ныкъусаныгъэхэр гъэзэк1уэжьынымрэ теуХуэуэ.

Доклад зыщ1ам кы1хигъэщхьэхук1ащ 2009 гъэм Іуэхущ1ап1эм кы1ыпхьа проектхэм ящ1ыщу эмкъуэмщ1 Іэнат1эмрэ хуэунэгъэмрэ я1ыщ1ам1э Іэнат1эмрэ хуэунэгъэмрэ нэхъ уэзышхуэ1ыныгъэ кы1эзэрэльытар. Апхуэдэ проекту КъБР-м и къалэ, район зэмы1ам1эжьы1уэхэм я крагъэхауэ 9 к1ыхахащ. Ахэр гъэзэщ1энымк1э Іэмал к1ытынуц1 лэжьап1э Іэнат1эу 1689-рэ к1ы1эуэхыну ик1и абы1эм к1ап1ы1ыу ильэсфеныш ику ито бюджетым сом мелуан 650-рэ Іэрыхьэнуц. Проектхэр сэбэп хьунущ, мэкъуэмэш хозяйствэмрэ уэхуэныгъэмрэ я Іэнат1эхэм к1ыпхах ф1ейдэм хэгъэхьэ1эныжьк1э.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чечеков Ануар щ1эущ1ащ1 У Ф-м и аф1ей о1убыкт хэм хозяйствэ щы1эезыхьэ Іэнат1эхэмрэ цы1ху щхьэхуэхэмрэ я къэралыр зэрадзэлэп1ыну адрей Іэмал1эр зы1ухуэзм, абы1эм я лэжьэк1эр ди деж к1ыщыг1эсэбэпыныжьк1э щы1э хэкы1п1эхэм.

- Щэч хэмы1ну, дэ апхуэдэ лэжьыгъэ идогъэк1уэк1 ик1и адрей субъектхэм зэкъуэгъэп Іэмал нэхъыбэк1э щы1ыгъэжьуэн зэрыщ1ытщы1ным дыдэщ1окъу, - жэуап кы1таш Мусуков Алий.

Адэк1э министрым к1ыщ1игъуащ инвесторхэр къыдэхъы1ныжьк1э Урысейм и щы1ныльхэм щы1э щытык1эм зэрыхэпльам ипкъ ит1ыр «РА Эксперт» агентствэм и1эхьэзыра рейтинг спискэм Къабардей-Балъкъэрым еянэ увыпл1эр зэрыщ1ы1ыгъыр. Нэгъуэщ1ыжп1эмэ, блэк1а ильэсхэм е1ыпытауэ ди деж Іуэхуэр щеф1эк1уащ. Арк1уадем к1ыщ1ынэрк-кым - хьэрыч1т Іуэхум Къабардей-Балъкъэрым щ1эгъэкъуэн нэхъ лъэш щегъуэт адрей субъектхэм е1ыпытауэ.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1ап1эм и унафэщ1.

Дызэрыт мазэм

●Махуэгъэпс

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 3-м

⊙1907 гъэм Урысейм и етІуанэ Къэрал Думэр зэбграуІы пщы1ыжащ.

⊙1943 гъэм Налшык и лы комбинатыр зэфІэгъэувэжьы яухащ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 4-м

⊙1943 гъэм Налшык щек1уэк1ащ фашистхэм я бийуэ ренубликэм и ц1ыхубзхэм кы1эзгъэпэщ1а пж1у.

⊙Щ1эныгъэ зы к1ы1ыгъэзрахьа сабий лажьэншхэм я дунейпсо махуэщ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 5-м

⊙И ныжьк1ыр ильэс 70 ирокъу Урысей Федерацэм щ1ыхь зи1э и псы1Іэгъэльадэ **Мамхэгъ Алексей.**

⊙1943 гъэм къалъхуащ адыгэ усакІуэ ЦІэрыІуэ **Бещтокъуэ Хьэбас.**

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 6-м

⊙Ильэс 210-рэ ирокъу (1799) У р ы с у с а к І у э ш х у э **Пушкин Александр** къызэрал ъхурэ.

⊙Урысейм щок1уэк1 Пушкиным и махуэр

⊙Ильэс 65-рэ ирокъу (1944) етІуанэ фронтыр къызэрыз эІуахрэ.

⊙1945 гъэм яг ъэуващ «1941-1945 гъэхэм ек1уэк1а Хэку зауэшхуэм и зэманым ъхьэлэу зэрыл1жьам пащ1э» медалыр.

⊙1942 гъэм къалъхуащ физико-математикэ щ1эныгъэхэм я доктор, профессор, Щ1ДАА-м и академик, УФ-м метеорологиемк1э щ1ыхь зи1э и лэжьак1э **Къалэ Хьэжбар.**

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 7-м

⊙1936 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым физкультурэмрэ спортымк1э и республикэ комитет къызэрагъэпэщащ.

⊙Псы щ1эгъэльадэм и махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 8-м

⊙1661 гъэм Идар Темрыкъуэ и къуэрылъу Черкасский Мурад дунейм ехыжащ.

⊙1943 гъэм республикэм и интеллигенцэм Налшык щрагъэк1уэк1ащ фашистхэм я бий пэк1у.

⊙Урысей Артиадэм и лауреат, радиожурналист **Махуэл1 Хьаджэт** къыщал ъхуа мазэщ.

⊙Социальнэ л1ажьак1уэм и махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 9-м

⊙1935 гъэм Іуащ1ъэмахуэ и щыгум я1п дыдэу зэуэ гупышхуэ дк1ащ.

⊙1672 гъэм къалъхуащ я1п урыс пащтыкъ Петр Езанэр. 1725 гъэм дунейм ехыжащ.

⊙И ныжьк1ыр ильэс 45-рэ ирокъу техникэ л1ажьыгъэхэм я доктор, Адыгэ Республикэм щ1эныгъэхэмк1э щ1ыхь зи1э и лэжьак1э, ШДДАА-м и къекорреспондент **Блахуэ Хьэзрэт.**

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 10-м

⊙1774 гъэм Урысейм рэ Тыркумрэ зэращ1ы1ащ1 Кучук-Кайнарджий мамыр зэгурыІуэныгъэр. Абы ипкъ ит к1э Къэбэрдейр Урысейм и зы ныхьэу к1ал ытащ.

⊙1955 гъэм Тырныауэрэ Нартк1ал1эр к1ал1э хъуащ.

⊙1925 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм и ц1ыхуб артист, режиссер щ1эрыІуэу щыта **Ерчэн Леонид**. 2002 гъэм дунейм ехыжащ.

⊙Мединэ щ1эныгъэхэм я доктор, КъБК ъУ-м и профессор **Инарокъуэ Алл э** къыщал ъхуа махуэщ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 11-м



⊙1957 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Ленин орденыр е1уанэу к1ыратащ.

⊙Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ыхь зи1э и артистк1э, пшынауэ Іэ1эу щыта **Дышэк1 Фатимэ** къыщал ъуа махуэщ. 2002 гъэм дунейм ехыжащ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 12-м

⊙1942 гъэм Зенк1ъуэ къуажэм (КъБАССР) кьагъэІэпхъуат Ленинград хамэ зэралъбзэхэр щадж дэт пединститутыр.

⊙1990 гъэм къащтащ Урысей Федерацэм и Къэрал суверенитетым и Декларацэр.



⊙Урысей Федерацэм и махуэщ

⊙И ныжьк1ыр ильэс 70 ирокъу Адыгэ Республикэм и Щ1ыхьэгъэ артист, Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми я щ1ыхь зи1э я артист, драматург **Мурат Чэпай.**

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 13-м

⊙1936 гъэм Къэбэрдей лъэпкъ драмэ театрыр къызэІуахащ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 14-м

⊙1936 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэуздэжмк1э и управленэр къызэІуахащ.

⊙Щ1к1эІуэщ1 промышленностымрэ промышленность псыщ1эмрэ я лэжьак1уэхэм я махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 15-м

⊙1561 гъэм Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие) и дэлъху Думэныкъуэ, и шыпхъу Альтышнаш, абы и щхьэгъэуэ Бекбулат, а т1ум я къуэ Саин-Булат и гъусэу Москва нэсащ.

⊙Ильэс 95-рэ ирокъу (1914) къэрал л1ажьакъуэ ин, политик щ1ырыІуэ **Андропов Юрий** къызэрал ъхурэ. 1984 гъэм дунейм ехыжащ.

⊙И ныжьк1ыр ильэс 80 ирокъу щ1эрдж1э тхак1уэ **Пуарпиу Асльэн.**

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 16-м

⊙1930 гъэм Волгоград (Сталинград) трактор заводыр лажьэу ягуІыщащ.

⊙1963 гъэм **Терешковэ Валентинэ** «Восток-6» кхъухьымк1э хъурщым л1ытащ.

⊙1992 гъэм Урысей Федерацэр Дунейпсо банкым хьхьащ.

⊙1931 гъэм къалъхуащ Социалист Лъхьэгъэм и Лы1ухьэ, Щ1ыдж1энЩ1ыкъуэ и щ1ыкъ1эм и лэжьак1уэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщ1ыр.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 17-м

⊙Идар Темрыкъуэ и къуэ Мамстрыкъу Москва нэсащ.

⊙1961 гъэм Налшык экраныбгъуэ зи1э «Восток» кинотеатр къыщызэІуахащ.

⊙Щ1ыр и гъущ1ыкІынымрэ уэгъэмрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 18-м

⊙1956 гъэм Налшык музыкэ училищ1э къыщызэІуахащ.

⊙1929 гъэм Налшык къыщызэІуахащ зэгъэ щ1ыкІу 35-рэ зэк1эІэлІэ я1п сабий сад.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 20-м

⊙1957 гъэм Москва Союзхэм я Унэм и Колоннэ залыщхуэм къыщызэІуахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ф1ыаздж1эмрэ литературэмк1э и гъэлъэгъуныгъэр. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдейр езым ф1эф1у Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 400 зэрырикъум.

⊙Ильэси 190-рэ ирокъу классикэ оперетт эм и къызэгъэпэщ1ауэ франджы композиторыщхьэ **Оффенбах Жак** къызэралъхурэ (1819-1880).

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 21-м

⊙1925 гъэм Москва и уэрамхэм я1п таксиэр кы1ыдыхьащ.

⊙Медицинэ л1ажьак1уэм и махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 22-м

⊙1941 гъэм Хэку з а у э ш х у э р къэхъеящ.

⊙Хэкум и уэмакІуэхэм я фэепль махуэщ

⊙1944 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Архив управленэр къызэрагъэпэщащ.

⊙1967 гъэм Налшык и ПТУ-7-м и ц1ыхубз спортсменкэ 15 ди щ1ыхьэрым щежьэри, Ленинград к1уэну г1ъэзу техьащ.

⊙Ильэс 65-рэ ирокъу адыгэ музыкэм зэрыуэ1ыным хальхьэныгъэ1 хуэзыщ1а композитор, музыковед **Авраамов Арсений** дунейм зэрехьжрэ (1890-1944).

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 23-м

⊙1941 гъэм Къэсейхьэблэ щыщ Тхъэмытл1окъуэ Хьэсэн, Къуэхьэпэ Украинэм и къэрал гъунапкъэр ихьэмуэ, зауэм и етІуанэ махуэм д І ы г ъ э ш х у э хэлъу и гъащІэр итащ - гранатэхэр щ1эпхауэ фашист т а н к ы м зыщ1идзэри, ар и1ку тащ.

⊙Ильэс 65-рэ ирокъу тхак1уэ, публицист, щ1эныгъэл1 **Махъсидэ Анатолэ** къызэралъхурэ. 2008 гъэм дунейм ехыжащ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 24-м

⊙1937 гъэм республикэм и Совет хэм я чрезвычайнэ съездым

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и я1п Конституцэр къыщтащ.

⊙1945 гъэм Москва и Ут Плыж ь ы м ТекІуэныгъэм и парад щек1уэк1ащ.

⊙Филологие щ1эныгъэхэм я доктор, профессор, ШДАА-м и академик, Урысей Федерацэми Адыгэ Республикэми щ1эныгъэхэмк1э щ1ыхь зи1э я лэжьак1э **К1эрашэ Зейнаб** къыщал ъхуа махуэщ. 1998 гъэм дунейм ехыжащ.

⊙1951 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэми Абхъаз Республикэми гъуэздж1эмк1э щ1ыхь зи1э я лэжьак1уэ, режиссер, къэрал лэжьак1уэ, политик **Фырэ Руслан.**

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 26-м

⊙1920 гъэм Налшык и Затишье хьэблэм я1п санаторэ къыщызэІуахащ. Абы Сталин Иосифи зыщ1ыгъэпсэхуащ.

⊙1938 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщ1эхьэм и депутатхэр я1п уахащ.

⊙Наркоманиемрэ наркобизнесымрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 27-м

⊙Ильэс 90-рэ ирокъу (1919) Я1п дунейпсо зауэр зэрнуэкамк1э зэгурыІуэныгъэм Версаль Іэ зэрыщ1ытраддэрэ.

⊙1979 гъэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щ1ыхьэгъэ тхак1уэ» щ1э л1ьапІэр яг1эуващ.

⊙Бдзэжьеящ1ым и дунейпсо махуэщ

⊙Урысейм и щ1ал1эгъуалэм и махуэщ

⊙Изобретателхэмрэ рационализаторхэмрэ я махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 29-м

⊙1908 гъэм Тунгус метеоритыр Щ1ым кы1ытехуащ.

⊙1940 гъэм Луначарскэм и щ1эрэзыкъэ театр институтым и адыгэ студиер къаухащ Къэбэрдей драмэ театрым и актер хъунухэм.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 30-м

⊙1908 гъэм Бахъсэн, Дзэлыкъуэ мэкъумэщыщ1эхэм зыкъы1этащ.

МЫ ГЪЭМ:

⊙Ильэс 205-рэ ирокъу (1804) урыс пащтыкъым и колонизатор подитикэр ямыдэу Къэбэрдейм щыпсэухэм зыкъы-зэрА1этрэ.

⊙Ильэси 165-рэ ирокъу (1844) тырку прозэмрэ драматургиемрэ я классик адыгэ тхак1уэ ц1эрыІуэ **Хьэгъар Ахьмэдкъэзэрал ъхурэ.**

⊙Ильэси 110-рэ ирокъу (1899) Тэрч областыр и округи 4-у (Владикавказ, Хасав-Юрт, Налшык, Грозэ) зэрагъэпэщ1э.

⊙Ильэс 90 ирокъу Царицын (идакъ Волгоград) кьалэм пэмыжьыжьу «Къэбэрдей щ1ыхьхуит» партыр къыдэзыгъэпэщ1ауэ щыта, Къэбэрдейм и тетым и дэІэпыкъуэгъу **Даутокъуэ-Серебряков Заурбэч** зэрыщ1ыхьэк1уадэрэ.

Зыгъэпсыгъэр Хьэрымыр Мурадыр

●Гъащ1э

Къандур Хужь.

Гупым и гупсэт

(Лэжьак1уэщхьэу щыта Къандур Хужь и щ1эр фыкІэ къызмы1уэ, гуапагъэ гъэрк1э зэгъэк1ыным и хьэжьхьыф1 Псыгуэнсу къуажэм дэсу къыщ1эк1ынкъым.

АБЫ И АНЭ ІУЛМЭДАНЭРЭ и адэ Бэчмырзэрэ пщ1э я1эу дунейм тетащ. Мусл1ымэн псэ къабзээт, хабзэ дахэр я Іэпэгъут. Я Іуэхур дэк1ым, я бынхэр зы1уэй хуагъ ъэзэн папщ1э, пы1э, щ1ак1уэ ящ1ырейт. Арат нэхъыбэу я сабийхэр зы1ахІ ыкІ ыр, унагъуэр зы1ку1эпсэук1ыр. Я бынхэр къыдэк1уэтейуэ балигъ хъуа нэужьи, я адэ-анэм хальхъа гъэсэныгъэ дахэр я1эхъуэ гъащ1эм зэрыхэтэр.

Зи щ1ал1эгъуэр лъэхъэнэщ1эм хиубыда Хужь гугъуехьхэм пимык1уэту сыт хуэдэ дэжьыгъэри щ1ытхъу и1эу зэфІихьырт. И гуащ1э куэд хиІ ъхьащ1 абы Сталинным и ц1эк1э я к1уаж эм щ1ызэхта гупым зэрихьа нартыхъ хьэсэхэм дэтхэнэ гектарми хуэзэу центнер 63,7-рэ а лъэхъэнэм кытрахат. Ижьк1и и псэемыблэж лэжьыгъэм папщ1э ар куэдрэ я1эхъэпІащ.

Хужь и дэтхэхэу Куш1ынрэ Хьэсэнбийрэ Хэку зауэшхуэм и я1п махуэхэм фронтым к1уащ. Тіуми къагъэзэжажьым - и щхьэжьитныгъэм я псэр щ1атащ. Куш1ынэ зы к1уэ ящ1ыгъэнащ, Хьэсэнбий щ1ал1э фызэхьэмышэт.

Куэд дыдэ зи нэгу щ1эк1а ц1ыхубз щ1ыпкъэр гугъуехьым ирищ1ыкІакъым, псэухуи тхьэусыхафэ игъэшак1ым. ЗэгурыІуэрэ зэдэІэжьу, нэгъуэщ1эм ирамыгъэхуапсэу и щхьэгъусэ Къуэщ1ыкъуей Іэминрэ Хужьрэ бынхэ зэдапІащ. Ахэр - Іамарэ, Светэ, Ларисэ, Анатолэ, Вадим, Людэ сымэ - я адэанэм я1уэфащ1эу дунейм тетщ. Абы1эм зэи зы щ1агъэгъупщ1эркъым къэзыгъэхуа, Іэфы1ыгъ, дахагъ куэд зы1хэзыгъэщ1а, гъуэгу захуэ тезыгъэувахэр.

Дунейм тетыху фым, къэкІуэнум хэлъкъа а нэхъыжьыф1эр Іыхьы1ыхэми благъэми ящ1ыгупщ1эркъым.

БАЦІЭ Фатімэ.

● Гу зылъытапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм гъатхэпэм и 25-м къыдигъэк1а Унафэ №61-ПП/19-2-мк1э къащтащ

2009-2010 гъэхэм сабийхэм загъэпсэхуныр, я узыншагъэр ирагъэф1эк1уэныр къызэрэпэщ1ыным теухуа комиссэм хэтхэр

Дыщэк1 М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр *(республикэ комиссэм и унафэщ1ыр)*

Моллаев С. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщ1ым и къуэдзэр *(республикэ комиссэм и унафэщ1ым и къуэдзэщ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зы1ужьыныгъэмк1э и министрыр *(республикэ комиссэм и унафэщ1ым и къуэдзэщ)*

Амщокъуэ Ф. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зы1ужьыныгъэмк1э и министрым и къуэдзэр

АфІэунэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымрэ туризмэмк1э и министр

Афэшокъуэ Р. Д. - Іуащ1эмахуэ муниципальнэ куейм и щ1ыпІэ администрацэм и унафэщ1ым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Уэлджыр Ж. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Тарифхэмк1э и комитетым и унафэщ1ыр

Гаевэ А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и узыншагъэр хъумэным и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм щ1ы1эхэм-профилактикэ дэІэпыкъуныгъэмк1э и департаментым и унафэщ1ыр

Дорохова П. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэдзэныгъэмрэ щ1ныгъэмк1э и министрым и къуэдзэр

Дэхъу В. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмк1э и министрым и къуэдзэм и къалэнкъэ зыгъэзащ1эр

Жэмыхъуэ М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмк1э, щэнхабзэмрэ спортымк1э и къудамэм и унафэщ1ыр

Карныш С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэ, щ1эныгъэ Іэнат1эм и лэжьак1уэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщ1ыр

Карчаевэ А. Хь.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмк1э и министрым и къуэдзэр

Касумов С. Г. - къэрал к1ыуэ Іуэхуэмк1э министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал к1ыуэ Іуэхуэхэмк1э щ1ы1э министерствэм жылагъуэ шынагъуэншагъэмк1э и милицэм и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

